# LEKSIKON UPACARA ADAT ING DESA TAKSIKMADU KECAMATAN WATULIMO KABUPATEN TRENGGALEK

**Jhon Guruh Putra Pakarsi**

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

stmarifatussolikah@gmail.com

**Dr. Surana, S.S., M. Hum.**

Dosen S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Leksikon ing kene minangka kumpulane tembung lan tembung-tembung ing bidhang tartamtu kang nduweni teges. Leksikon utawa tetembungan ing Basa Jawa durung diperang adhedhasar bidhang-bidhange, ing antarane olah tetanen, kesehatan, pertukangan, pendhidhikan, lan sapanunggalane. Salah sawijine yaiku tetembungan ing pendhidhikan ngenani upacara adat sembonyo. Perangane upacara adat sembonyo yaiku akeh banget, saengga leksikon utawa tetembungan sajrone upacara adat sembonyo uga akeh. Leksikon ing upacara adat sembonyo kasebut sabanjure bakal digoleki sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike. Adhedhasar bab kasebut, punjere panliten iki yaiku: (1) Apa wae jinise lan sipate sesambungan paradhigmatike leksikon upacara adat sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo? (2) Apa wae jinise lan sipate sesambungan sintagmatike leksikon sajrone upacara adat sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo? Tujuwane panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon sajrone upacara adat sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek, saengga bisa kanggo ngerteni maknane leksikon sajrone upacara adat sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek.

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik sinkronis nduweni ciri linguistik saka jinise wektu, asipat dheskriptif, lan asipat horizontal analisis. Dhata sajrone panliten iki yaiku istilah lan tembung-tembung kang digunakake ing upacara adat sembonyo, kang diolehi saka nyemak lan wawancara saka para panutur ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek. Dhata kang kasil banjur diklumpukake diperang adhedhasar pamerange leksikon ing upacara adat sembonyo. Dhata kasebut banjur dijlentrehake kanthi jlentrehan komponen makna kanggo ngerteni sesambungan paradhigmatike, banjur dijlentrehake kanthi jlentrehan struktur batin kanggo ngerteni sesambungan sintagmatike. Saliyane iku, kanggo mbuktekake jinise sesambungan sintagmatik uga nggunakake metodhe agih (dhistribusional), mligine teknik ganti (subtitusi). Asile njlentrehake dhata banjur disuguhake kanthi metodhe formal lan informal.

Upacara adat sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggaelek kang kasil diklumpukake ana 89 tetembungan lan tembung-tembung sing pakem lan tambahan sajrone upacara adat sembonyo kang dadi limang perangan. Asile panliten iki yaiku, leksikon ing upacara adat sembonyo nduweni sesambungan paradhigmatik kang dijlentrehake lumantar tabel-tabel saengga bisa digoleki drajad pepadhane. Saliyane iku, uga bisa digoleki tegese tembung-tembunge. Jinise sesambungan paradhigmatik ana loro, hipernim lan hiponim. Adhedhasar jinise sesambungan paradhigmatik kasebut banjur bisa diweruhi sipate tembung kang netep lan ora netep. Sabanjure, jinise sesambungan sintagmatik ana loro, yaiku enkapsulasi lan dhistribusi. Adhedhasar jinise sesambungan sintagmatik kasebut, banjur bisa diweruhi sipate tembung kang enkapsulatif lan dhistributif. Asile panliten iki nuduhake yen tembung kang asipat netep sajrone sesambungan paradhigmatik bakal nduweni sipat enkapsulatif sajrone sesambungan sintagmatik. Dene sipate tembung kang ora netep sajrone sesambungan paradhigmatik nuduhake sipat kang dhistributif sajrone sesambungan sintagmatik.

Tembung wigati: sesambungan paradhigmatik, sesambungan sintagmatik, leksikon, lan upacara adat sembonyo.

## PURWAKA

Bab I iki diandharake ngenani (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) ancase panliten, (4) paedahe panliten, (5) wewatesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih gamblange bakal diandharake ing ngisor iki.

### 1.1 Landhesane Panliten

Tegese leksikon kerep dipadhakake karo tegese tetembungan, yaiku makna kang mligi sajrone bidhang tartamtu. Kang madhakake antarane rong tembung kasebut yaiku mligi ing bidhang tartamtu. Dene leksikon utawa tetembungan ing Basa Jawa durung diperang adhedhasar bidhang-bidhange. Tuladhane yaiku leksikon upacara adat larung labuh segara sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan

Watulimo. Arane Upacara Adat ing tlatah Trenggalek iku akeh, saengga leksikon utawa tetembungan sajrone upacara adat ing tlatah Trenggalek uga akeh. Leksikon ing upacara adat kasebut sabanjure bakal digoleki sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike.

Andharan ngenani sesambungan paradhigmatik lan sintagmatik pancen wis tau ditliti. Kayata "Set lan Kolokasi ngenani Cacade Awak" dening Chamidah taun 2015. Panlitene Chamidah iku wis ngandharake anane sipat sesambungan paradhigmatik ing set lan sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi ngenani cacade awak. Set lan kolokasi ngenani cacade awak diperang adhedhasar perangane awak, yaiku perangan sirah, gembung, tangan, sikil, lan kulit. Jinise sipat sesambungan paradhigmatik ing set lan jinise sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi uga wis dijlentrehake.

Adhedhasar para winasis, sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatik bisa digunakake kanggo ngandharake lan njlentrehake leksikon sajrone upacara adat larung labuh segara sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo. Dadi ing panliten iki luwih mligine bakal ngonceki sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon sajrone upacara sembonyo adat ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo. Tetembungan utawa tembung-tembung ngenani upacara adat bakal diukur drajate kalungguhane.

Upacara adat yaiku adicara menungsa kanggo nindakake rasa sukur marang dewa-dewa, roh leluhur, pagesangan kang ora katon kanggo srana sembahyang marang Gusti akarya Jagad. Upacara adat ditindakake kanthi ajeg, biyasane saben taun sepisan utawa luwih dipengeti ing wektu tartamtu kang wis ditemtokake. Upacara adat diperang dadi loro yaiku upacara adat kanggo menungsa lan upacara adat kanggo alam. Ing ngisor iki bakal ditegeske tegese upacra adat kang ana ing tlatah Trenggalek miturut bidhange upacara.

Upacara Adat Larung Labuh Segara Sembonyo ing Desa Prigi Kecamatan Watulimo. Upacara adat labuh segara kanggo ngelingi jasa Tumenggung Yudanegara nalika semono ana utusan saka Adipati Andong Biru. Andong Biru yaiku Ningrat Keraton Mataram kang antuk mandhat utawa dadi raja panguwasa wilayah Alas pesisir Kidul Pulo Jawa wiwit saka Pacitan nganti Banyuwangi. Upacara kasebut supaya ngrembaka ing punjere masyarakat Prigi lan sakupenge amarga kanggo njaga supaya ora bisa luntur. Rata-rata masyarakat Prigi pakaryane nelayan, dodolan lan tani mula kanggo ngurmati arwah leluhur kang wis rekasa nalika biyen kanggo mbabat dhaerah Prigi, uga masyarakat ora kepingin kena walate leluhur.Upacara Larung sembonyo tansah dipengeti ing wulan selo, dinane senin kliwon. Amarga kahanan Politik pamrintah, tradhisi iki diowahi dadi ing dina pasaran ahad kliwon utawa Pon.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa digunakake minangka bahan kanggo nliti leksikon upacara adat ing tlatah trenggalek.Ing kene panliti tetep nggunakake penganggone basa sajrone masyarakat, yaiku masyarakat ing tlatah Trenggalek. Saliyane iku anggone nliti tetembungan ngenani upacara adat jalaran sakabehe kanyatan ing alam donya iki bisa diandharake adhedhasar penganggone teges lan satuwan leksikale. Salah sijine yaiku leksikon sajrone upacara adat sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulomo Kabupaten Trenggalek.

Tembung-tembung ngenani upacara adat kalebu tembung-tembung kang asipat prodhuktif lan frekuwentif, mula bisa diandharake lan dijlentrehake jinise sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike. Prelu dingerteni, yen tetembungan ngenani upacara adat kang ditliti yaiku tetembungan sajrone upacara adat ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo kabupaten Trenggalek. Dadi saliyane iku ora bakal dijlentrehake.

Wewatesane objek panliten iki yaiku sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon sajrone upacara adat larung labuh segara sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo, jalaran tembung-tembung kang digunakake sajrone upacara ora mesthi padha ing saben-saben dhaerah. Tegese, ing saben-saben dhaerah iku nduweni cara kang radak beda kanggo ngarani tetembungane. Tuladhane tetembungan midodareni sajrone upacara adat sembonyo lan midodareni sajrone upacara adat liyane nduweni teges kang beda. Midodareni sajrone upacara adat sembonyo nduweni teges midodareni kanggo boneka temanten anyar. Mula supaya ora jumbuh panliti menehi watesan ngenani leksikon sajrone upacara adat larung labuh segara sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek. Saliyane iku, dhaerah kasebut minangka papan panggonane panliti.

**1.2 Punjere Panliten**

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, punjere panliten iki yaiku sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon ing

UNESA Universitas Negeri Surabaya

upacara adat. Saka punjer kasebut underane panliten kaya ing ngisor iki.

(1) Apa wae jinise sipat sesambungan paradhigmatike leksikon upacara adat larung labuh segara sembonyo ing desa Taksikmadu kecamatan Watulimo?
(2) Apa wae jinise sipat sesambungan sintagmatike leksikon sajrone upacara adat larung labuh segara sembonyo ing desa Taksikmadu kecamatan Watulimo?

**1.3 Ancase Panliten**

Supaya ngerti tetembungan sajrone upacara adat larung labuh segara sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek. Tetembungan kang padha lan beda ing bidhang-bidhang upacara adat bakal diukur drajate tetembungan. Mula ing kene dijlentrehake supaya para pamaca lan kanca-kanca bisa luwih gampang ngerteni ngenani tetembungan sajrone upacara adat larung labuh segara sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo. Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, mula ancas utawa tujuwane panliten iki yaiku:

1) Ngandharake lan njlentrehake sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon sajrone upacara adat sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek.
2) Bisa kanggo ngerteni maknane leksikon upacara adat sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek.

**1.4 Paedahe Panliten**

Paedah panliten iki diperang dadi loro, yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Andharane kaya ing ngisor iki.

(1) Paedah Teoritis
Tetembungan minangka perangan saka panganggone teges sajrone ilmu semantik.Panliten iki dikarepake bisamenehi sumbangan kawruh sajrone ilmu semantik kang bisa kanggo ngrembakakake ilmu Basa Jawa sarta bisa dadi lelandhesan kanggo panliten sabanjure.
(2) Paedah Praktis
Asil panliten iki dikarepake bisa dadi tambahan wacan sajrone pangrembakane materi pasinaon ing piwulangan Basa Jawa ing sekolahan utawa ing pawiyatan luhur mligine piwulang babsesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon ing upacara adat kang bisa migunani sapa wae kang nyinaoni bab kasebut kanggo.

**1.5 Wewatesane Panliten**

Sajrone panliten iki ana watesane, supaya dhata ing panliten iki bisa dititiki kanthi cetha. Panliten iki ana telung watesan, kang kapisan yaiku wujud, jinis, perangan, lan tegese leksikon.Kang kapindho yaiku leksikon ngenani upacara adat upacara adat larung labuh segara sembonyo ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek.Dene kang kaping telu yaiku leksikon upacara adat larung labuh segara sembonyo ing Desa Taksikmadu kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek.

**1.6 Panjlentrehe Tetembungan**

Supaya ora klirulan kleru anggone ngerteni tetembungan kang digunakake sajrone panliten iki, mula perlu diandharake panjlentrehe tetembungan sajrone panliten iki. Panjlentrehe tetembungan kang digunakake sajrone panliten iki diandharake kaya ing ngisor iki.

(1) Paradhigmatik
Djajasudarma (2013:110) ngandharake yen sesambungan paradhigmatik yaiku sesambungan antarane unsur kang ana sajrone sawijine tuturan karo unsur kang ora ana sajrone tuturan kasebut, mulane diarani sesambungan *in absensia.*
(2) Sintagmatik
Miturut Djajasudarma (2013:110), sesambungan sintagmatik yaiku sesambungan antarane unsur sajrone sawijine tuturan, mula saka kuwi diarani sesambungan *in presensia.*
(3) Leksikon
Kridalaksana (2008:142) ngandharake tegese leksikon, yaiku dhaftar tembung kang disusun kaya kamus, nanging dijlentrehake kanthi singkat lan praktis.
(4) Upacara Adat
Upacara adat yaiku adicara menungsa kanggo nindakake rasa sukur marang dewa-dewa, roh leluhur, pagesangan kang ora katon kanggo srana sembahyang marang Gusti akarya Jagad. Upacara adat ditindakake kanthi ajeg, biyasane saben taun sepisan utawa luwih dipengeti ing wektu tartamtu kang wis ditemtokake.
(5) Sembonyo
Adicara upacara adat alam minangka simbol wujud sukur pangurmatan marang Gusti kang akarya jagad. Kanthi cara larung saji ing segara kidul Trenggalek larung saji iku diarani sembonyo.

**TATACARANE PANLITEN**

Bab III iki bakal diandharake ngenani Tata carane panliten, ing antarane yaiku (1) titikane panliten, (2) ubarampene panliten, lan (3) tata carane panliten. Luiwh gamblange bakal diadharake ing ngisor iki.

**3.1 Titikane Panliten**

Titikane panliten kang bakal diandharake ing subbab iki kaperang dadi loro, yaiku ngenani (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten. Luwih gamblange bisa dideleng andharan ing ngisor iki.

**3.1.1 Jinise Panliten**

Panliten kanthi irah-irahan "Sesambungan Paradhigmatik lan Sintagmatike Leksikon ing Upacara Adat Sembonyo" iki kalebu panliten *kualitatif* .Panliten *kualitatif* yaiku panliten kang nduweni maksud kanggo ngerteni *fenomena* ngenani apa kang dialami dening subjek panliten, tuladhane tumindak, panampa, *motivasi,* lan sapanunggalane kanthi cara *holistik,* lan kanthi cara dheskripsi kang awujud tembung-tembung lan basa, sajrone sawijine konteks mligi kang *alamiah* lan nggunakake maneka werna metodhe *alamiah* (Moleong, 2014:6).

Saliyane iku, panliten iki uga kalebu panliten basa kang asipat dheskriptif analisis. Diarani dheskriptif analisis jalaran sajrone panliten iki nliti adhedhasar wujud lan makna kang ana sesambungane karo sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon ing upacara adat kang kudu dijlentrehake lan dianalisis, kanthi pangajab supaya luwih cetha anggone ngerteni jinise sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon ing upacara adat.

**3.1.2 Sipate Panliten**

Panliten iki kalebu panliten kang asipat sinkronis, yaiku panliten basa kang dilakoni kanthi nliti *fenomena* sawijine basa ing wektu tartamtu saengga sipate dheskriptif (Mahsun, 2014:85).Diarani kaya mangkono jalaran basa kang dienggo yaiku basa Jawa ngoko ing jaman saiki, kanthi nliti *fenomena* basa ing Desa Taksikmadu kecamatan Wtulimo kabupatn Trenggalek ngenani Upacara Adat Sembonyo.

**3.2 Ubarampene Panliten**

Ubarampe sajrone panliten iki kaperang dadi papat, yaiku (1) dhatane panliten, (2) sumber dhatane panliten, (3) instrumen panliten, lan (4) lokasine panliten. Andharan ngenani dhata, sumber dhata, instrumen panliten kaya mangkene.

**3.2.1 Dhatane Panliten**

Dhata sajrone panliten iki yaiku dhata primer kang arupa tembung-tembung ing basa Jawa. Luwih cethane, Sudaryanto (1993:10) ngandharake, kang diarani dhata primer yaiku dhata kang arupa panganggone basa dening panutur kanthi cara lisan lan tulisan. Dhata sajrone panliten iki yaiku leksikon utawa tembung-tembung kang digunakake ing upacara adat sembonyo, mligine ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek.

**3.2.2 Sumber Dhatane Panliten**

Miturut Lofland lan Lofland sajrone Moleong (2014:157) sumber dhata utama sajrone panliten *kualitatif* yaiku tembung-tembung, tumindak, lan dhata tambahan kayata dhokumen lan liya-liyane. Adhedhasar andharan kasebut sumber dhata ing panliten iki yaiku sumber lisan kang diolehi saka nyemak para panutur (*informan*) anggone medharake ngenani upacara adat.*Informan* iku dhewe yaiku panutur utawa pawongan kang ditemtokake ing dhaerah penganggo basa tartamtu minangka narasumber bahan panliten, menehi kawruh lan pawarta, lan mbantu panliti golek dhata (Mahsun, 2014:30). Adhedhasar andharane Mahsun kasebut bisa dipilih panutur kang bisa didadekake *informan* sajrone panliten iki yaiku sesepuh dhaerah, juru kunci, lan wong pinter.

**3.2.3 Instrumen Panliten**

Instrumen miturut Moleong (2014:168) yaiku piranti panliten kanggo nglumpukake dhata. Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten iki ana loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama yaiku panliti iku dhewe, jalaran panliti bisa sinebut minangka piranti kanggo nglumpukake sakabehane dhata kang diperlokake ing panliten iki yaiku.Saliyane iku, panliti nduweni kawruh ngenani basa kang digunakake ing papan panggonane panliti anggone nglumpukake dhata, yaiku ing Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo kiabupaten Trenggalek.

Dene instrumen panyengkuyung yaiku piranti kang digunakake sajrone panliten iki kayata tape recorder, vidhio, pedhoman wacana, kartu dhata, kayata piranti kanggo nulis kang digunakake kanggo nyathet tembung-tembung kang wigati, kamus-kamus basa kang digunakake kanggo nggoleki tegese tembung-tembung kang durung dingerteni, lan nyiyapake pitakonan-pitakonan kang ana sesambungane karo tetembungan ing upacara adat sembonyo. Instrumen-instrumen kasebut bisa nyengkuyung panliti anggone ngrampungake panliten iki.

**3.2.4 Lokasine Panliten**

Lokasine panliten kang dipilih yaiku Tlatah Trenggalek. Trenggalek kalebu salah sawijine kabupaten kang ana ing Jawa Timur mligine sisih kidul yaiku manggon ing Kantor Dinas Pariwisata lan olah raga, Dinas Pendhidhikan lan kabudayan, lan ing sakupenge Desa Taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggalek.

**3.3 Tata carane Panliten**

Ing panliten iki nganggo telung cara panliten, yaiku (1) Tata cara nglumpukake dhata, (2) Tata cara njlentrehe dhata, lan (3) Tata cara nyuguhake asil panjlentrehe dhata. Saben Tata cara iku nduweni metodhe lan teknik dhewe-dhewe. Metodhe lan teknik mau bakal diandharake ing ngisor iki.

**3.3.1 Tatacara Nglumpukake Dhata**

Tata cara panglumpuke dhata ing panliten iki ana loro, yaiku nggunakake metodhe semak lan metodhe cakap. Metodhe semak ditindakake kanthi cara nyemak, yaiku nyemak penganggone basa (Sudaryanto, 1993:133). Andharane Sudaryanto kasebut uga disengkuyung dening Mahsun (2014:92) kang ngandharake yen metodhe semak yaiku metodhe kang digunakake kanggo golek dhata kanthi cara nyemak panganggone basa.

Metodhe semak bisa ditrapake kanthi saperangan teknik, yaiku teknik sadhap, teknik semak libat cakap, teknik semak bebas libat cakap, lan teknik cathet. Andharan kang luwih cetha kaya mangkene: (1) Teknik sadhap minangka teknik dhasar sajrone metodhe semak, jalaran semak diwujudake kanthi cara nyadhap panganggone basa lan sawijine pawongan utawa pirang-pirang pawongan kang dadi *informan* (Mahsun, 2014:92); (2) Teknik semak libat cakap maksude yaiku panliti nalika nyadhap kanthi cara melu nyemak, melu cecaturan, lan nyemak cecaturan (Mahsun, 2014:93); (3) Teknik semak bebas libat cakap yaiku panliti mung nyemak penganggone basa deninng para *informane* tanpa melu cecaturan (Mahsun, 2014:93); (4) Teknik cathet yaiku nyathet sakabehe wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake lambang basa utawa aksara (Mahsun, 2014:131).

Dene metodhe cakap yaiku metodhe kanggo nglumpukake dhata kanthi cara cecaturan antarane panliti karo *informan* (Mahsun, 2014:95). Miturut Sudaryanto (1993:137) metodhe cakap bisa disejajarne karo metodhe wawancara.Sadurunge nindakake wawancara, panliti nyiyapake pitakonan-pitakonan kang ana sesambungane karo tetembungan ing obag lanupacara adat. Metodhe cakap bisa dilakoni kanthi saperangan teknik, ing antarane yaiku teknik pancing lan teknik cakap semuka.Teknik pancing minangka teknik dhasar sajrone metodhe cakap jalaran cecaturan kang dikarepake bisa kawujud yen panliti menehi *stimulasi* (pancingan) kang awujud pitakonan-pitakonan marang *informan* supaya micara kaya kang dikarepake dening panliti (Mahsun, 2014:95-96). Teknik sabanjure yaiku teknik cakap semuka, yaiku panliti langsung nindakake cecaturan karo *informan* kang sumbere saka pancingan kang wis disiyapake (dhaftar pitakonan) utawa kanthi cara *spontanitas*, tegese pancingan diolehi ing tengah-tengahe cecaturan (Mahsun, 2014:96). Metodhe lan teknik-teknik kang wis diandharake ing ndhuwur digunakake dening panliten kanggo nglumpukake dhata.

Saliyane nggunakake metodhe lan teknik-teknik ing ndhuwur, dhata kang wis diklumpukake banjur di-*verifikasi*. Tujuwane *verifikasi* dhata yaiku kanggo nemtokake *valid* orane dhata kang wis kasil diklumpukake. *Validasi* ditindakake dening panliti karo *informan*.*Informan* sajrone panliten iki yaiku salah sawijine warga ing tlatah Trenggalek minangka pawongan kang dianggep luwih ngerti ngenani tetembungan ing upacara adat sembonyo.

**3.3.2 Tatacara Njlentrehake Dhata**

Adhedhasar dhata kang wis diklumpukake kanthi nggunakake metodhe lan teknik nglumpukake dhata, banjur diidhentifikasi lan diklasifikasi. Sabanjure dijlentrehake kanthi nggunakake metodhe lan teknik jlentrehan dhata. Panliti anggone njlentrehake dhata kanggo njlentrehake jinise sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon ing upacara adat yaiku nggunakake jlentrehan komponen makna lan jlentrehan struktur batin (Gudai, 1989:24-28). Dhatane yaiku arupa tembung-tembung upacara adat ing Tlatah Trenggalek. Dhata kang arupa tembung-tembung sabanjure kalebu dhata paradhigmatik lan dijlentrehake adhedhasar hiponim, hipernim, lan kohiponim kanthi njlentrehake komponen maknane. Dene dhata sintagmatik dijlentrehake kanthi jlentrehan struktur batin, kang dhasare saka dhata paradhigmatik.

Saliyane nggunakake struktur batin, metodhe kang digunakake kanggo ngandharake lan njlentrehake jinise sipat sesambungan sintagmatik yaiku metodhe agih utawa metodhe dhistribusional. Metodhe dhistribusional yaiku metodhe analisis dhata kang pirantine saka perangan basa iku dhewe dadi perangan kang nemtokake analisis (Sudaryanto, 1993:15). Metodhe dhistribusional kanggo mbuktekake jinise sipat sesambungan sintagmatike leksikon ing dolanan.

Maneka teknik sajrone metodhe dhistribusional ana 7, yaiku *teknik lesap (delesi), teknik ganti (subtitusi), teknik perluas (ekspansi), teknik*

*sisip (interupsi), teknik balik (permutasi), teknik ubah ujud (parafrasa), lan teknik ulang (repetisi)* (Sudaryanto, 1993:36). Adhedhasar maneka teknik sajrone metodhe dhistribusional iku, teknik kang dianggep salaras karo prelune lan tujuwane njlentrehake jinise sipat sesambungan sintagmatike leksikon ing dolanan yaiku *teknik ganti (subtitusi)*.

Teknik ganti (subtitusi) yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi cara ngganti unsur satuwan basa nggunakake unsur satuwan basa uga, yaiku unsur satuwan basa pangganti (Sudaryanto, 1993:48). Asile saka teknik ganti iki bisa arupa tuturan kang bisa ditampa lan tuturan kang ora bisa ditampa. Gunane teknik ganti yaiku kanggo ngerteni kategori utawa kelase unsur kang kaganti, unsur ginanti, lan unsur pangganti, mligine yen tataran pangganti padha karo tataran kang kaganti utawa tataran ginanti.

Tata carane njlentrehake dhata kanthi teknik ganti (subtitusi) bisa dideleng ing tuladha ngisor iki.

(1) Midodareni iku perangane titi siyaga. (√)
(2) Midodareni iku perangane titi siyaga. (-)
(3) Midodareni iku perangane titi siyaga. (-)

Tembung midodareni iku perangane titi siyaga sajrone tuladha (1) bisa ditampa, jalaran midodareni iku mesthi perangane titi siyaga.Mulane ing tuladha (1) diwenehi tandha centhang (√) kanggo nuduhake yen tembunge bisa ditampa. Tuladha (2) lan (3) tembunge ora bisa ditampa, jalaran ing tuladha (2) tembung midodareni ora gathuk sajrone perangane kudune midodareni mesthi ing perangane titi siyaga, dene tuladha (3) tembung midodareni ora gathuk sajrone perangane kudune midodareni mesthi manggon ing perangane titi siyaga. Yen tembung midodareni utawa titi siyaga diganti, mesthi wae tembunge ora bisa ditampa.

**3.3.3 Tata cara Nyuguhakee Asil Panjlentrehe Dhata**

Tata cara panyuguhe asil panjlentrehe dhata ing panliten iki yaiku kanthi ngandharake asil njlentrehake dhata kang awujud laporan katulis ngenani sakabehe kang wis diasilake sajrone panliten iki, mligine ngenani sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon ing upacara adat. Dhata kang wis kasil diklumpukake ing panliten iki yaiku dhata kang arupa tembung-tembung kang mujudake leksikon ngenani upacara adat, banjur anggone njlentrehake dhata kanthi nggunakake cara *formal* lan *informal* (Sudaryanto, 1993:145).

Nyuguhake asil panliten kanthi cara*formal* yaiku nyuguhake asil panliten kanthi cara dheskripsi ngenani leksikon ing upacara adatkang nuduhake jinise sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatik kanthinggunakake angka-angka lan kodhe-kodhe. Dene nyuguhake asil panliten kanthi cara*informal* yaiku nyuguhake asil panliten ngenani leksikon ing upacara adatkang nuduhake jinise sipat sesambungan paradhigmatik lan sintagmatik kanthi cara nggunakake tembung-tembung kang biyasa supaya bisa dingerteni lan dipahami dening saben pawongan kang maca asil panliten iki.

**ANDHARAN LAN ASILE PANLITEN**

Ing bab IV iki bakal diandharake ngenani (1) andharan lan jlentrehan dhata, lan (2) asil panliten lan dhiskusi. Andharan lan panjlentrehane dhata bakal diandharake kaya ing ngisor iki:

**4.1 Andharan lan Jlentrehan**

Andharan lan jlentrehan dhata ing panliten iki ana loro, yaiku (1) jinise sesambungan paradhigmatike leksikon ing upacara adat sembonyo lan (2) jinise sesambungan sintagmatike leksikon ing upacara adat sembonyo. Kekarone bakal diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

**4.1.1 SesambunganParadhigmatike Leksikon ingUpacara Adat Sembonyo**

Konsep-konsep ngenani sesambungan paradhigmatik wis dijlentrehake ing bab II. Sesambungan paradhigmatik yaiku sesambungan ing antarane satuwan basa marang unsur ing sanjabane basa lan nduweni sipat kang ora netep, ateges bisa nyulihi satuwan basa liya kang nduweni teges sawilayah. Jinise sesambungan paradhigmatik ana loro, yaiku hipernim lan hiponim. Adhedhasar konsep ngenani hipernim lan hiponim, banjur bisa diweruhi sipate sesambungan paradhigmatik. Supaya luwih cetha anggone ngandharake lan njlentrehake sipate sesambungan paradhigmatik, dhata-dhata kang awujud tetembungan ing upacara adat sembonyo bakal diklompokake adhedhasar pamerange tetembungan ing upacara adat sembonyo. Bagane bisa dideleng ing ngisor iki.

**Bagan 3**
**Pamerange Leksikon ing Upacara adat sembonyo**



Adhedhasar bagan ing ndhuwur, bisa dingerteni yen pamerange tetembungan ing upacara adat sembonyo hipernim marang Tata cara, panggonan, piranti, wektu, lan ubarampene. Dadi perangane leksikon upa Kaya kang wis dijlentrehake ing bab II, limang perangan iku isih kapecah dadi perangan-perangan kang luwih cilik. Perangan-perangan kasebut digunakake kanggo nggampangake anggone nglompokake tetembungan ing upacara adat sembonyo.

Perangan kang kapisan yaiku Tata cara. Tegese tata cara yaiku becik pangetrape laku sajrone upacara adat sembonyo. Kaping pindhone perangane panggonan yaiku papan panggonan kang dienggo nglaksanake upacara adat sembonyo, kaping telu yaiku penganggone yaiku sarana sing dipugunake sajrone upacara adat sembonyo tansaya mligi apa tansaya umum. Kaping papat yaiku jinise tembung yaiku cacahe tembung sing digunake amarga saben tetembungan nduweni kekarepan kang beda, yaiku tembung kriya apa aran, sajrone nglasanaake upacara adat sembonyo. Banjur sing pugkasan yaiku ubarampe tegese panganan lan lelawuhan kango ndhedhuwuran ing nalikane nduwe gawe upacara adat sembonyo. Kabeh iki mau bakale isih kaperang maneh dadi pirang-pirang tembung kang dadi hipernime.Tegese, perangan upacara adat sembonyo iki isih diperang-perang maneh dadi perangan kang luwih cilik. Dadi pamerangane upacara adat sembonyo, hipernim marang tata cara, panggonan, penganggone, jinise tembung, lan ubarampe. Luwih cilik pamerange diarani hipernim marang perangane, banjur hiponim iku perangane, perangan kang perangane cilik mau, luwih cilik iku diarani hiponim.Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing lampiran.**(LB No 4, PTC, kaca 135)**

Bagan 4 ing lampiran nuduhake yen perangane Tata cara hipernim marang titi siyaga, titi laksana, lan titi wasana. Titi siyaga yaiku mula bukane lakune tata cara mragake upacara adat sembonyo, titi laksana yaiku nalikane upacara adat dilaksanake lan titi wasana iku panutupane upacara adat sembonyo. Sabanjure sajrone titi kasiyagan diperang maneh yaiku tetembungan tata carane ngetrapke upacara tuladhane kayata Midodareni, miranteni, tirakatan lan sapanunggale. Sajrone titi laksana yaiku upet kendi, pahargyan, tari-tarian, lan sapanunggale. Lan titi wasana yaiku panutupane tuladhane tetembungan kayata mahargyan, wayangan, tayuban lan sapanunggale. Dadi tembung-tembung Midodareni, miranteni, lan tirakatan minangka hiponim saka perangan titi siyaga, upet kendhi, pahargyan, tari-tarian iku uga hiponime saka perangan titi laksana, lan mahargyan, wayangan, tayuban iku hiponime saka perangan titi wasana. Perangan pangetrap kang tegese ngecakake Tata cara upacara adat sajrone perangan iki uga isih diperang maneh, ana maneka warna tetembungan sajrone perangan iki kayata kirab, arak-arakan, larungan lan sapanunggale, lan sajrone laksana ya isih akeh. Perangan kang pungkasan yaiku panutupan, kang tegese yaiku pungkasane adicara upacara adat sembonyo.Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing lampiran.**(LB No 5, PPSTC, kaca134 )**

Adhedhasar bagan 5 ing lampiran bisa dingerteni yen panggonan kaperang dadi loro, yaiku dharat lan sagara. Rong tetembngan iku hipernim marang perangane panggonan. Dadi bisa didudut yen dharat lan segara minangka hiponim saka perangane panggonan nanging yen dharat isih ana perangane maneh iku uga bisa diarani hiponim. Dharat yaiku perangane papan panggonan kang manggon ing lemah bumi, yen segara yaiku papan panggonan kang manggon ing banyu samodra.Papan iki kang dienggo nglaksanaake upacara adat sembonyo.

Perangan kaping telu yaiku penganggone sarana sing dipigunake. Tegese penganggone yaiku sarana kang digunakake kanggo sarana sing dipunake sajrone upacara adat sembonyo kanggo maragakake upacara adat sembonyo. Penganggone isih bisa diperang-perang maneh dadi perangan kang luwih cilik.Luwih cethane bakal diandharake kaya ing lampiran. **(LB No 6, PPSTC, kaca 136)**

Bagan 6 ing lampiran nuduhake perangane penganggone, kang kaperang dadi loro, yaiku alami, saya mligi lan saya umum. Rong tetembngan iku hipernim marang perangane jinise tembung, dadi tetembungan saya mligi lan saya umm, minangka hiponim saka perangane penganggone. Tetembungan saya mligi ing upacara adat tegese tansaya kusus utawa tansaya pakem tetembungan sajrone nindakake upacara adat sembonyo iku, yen saya umum yaiku tansaya umum akehe tetembungan sajrone nindakake upacara adat sembonyo.Pakem kang kudu dienggo sajrone upacara. Isih alami, apa gawenan baku apa ora bakune penganggone bisa diukur saka perangan iki. Perangan-perangane rong tetembungan kasebut

bakal diandharake luwih rinci maneh ing sub bab sabanjure.

Perangan kaping papat yaikujinise tembung, kang nduweni teges maneka werna tembung kang diengo sajrone upacara adat sembonyo. Jinise tembung sajrone pamerange leksikon ing upacara adat sembonyo kang nduweni tembung-tembung minangka hipernime. Luwih cethane bakal diandharake ing bagan lampiran. **(LB No 7, PJTSTC, kaca 136)**

Adhedhasar bagan 7 ing lampiran bisa dingerteni yen perangane jinise tembung, yaiku tembung kriya lan tembung aran, tembung kriya yaiku wedharane karep sarana gunem kanggo nyebutake kang katon, yen tembung aran yaiku wedharane karep sarana gunem kanggo nyebutake nindakake pakaryan kang kudu dilaksanake karo obahe awak. Dadi perangan kang luwih cilik iku hiponime. Tembung aran lan tembung kriya minangka hiponim saka perangane tetembungan sajrone tata cara.

Perangan kang pungkasan saka pamerange leksikon ing upacara adat sembonyo yaiku ubarampe. Ubarampe yaiku panganan lan lelawuhan kango ndhedhuwuran ing nalikane nduwe gawe upacara adat sembonyo. Ubarambe biasane wujude panganan ananging sajrone upacara adat sembonyo ubarambe uga ana kang awujud tetuwuhan, palawija, lan sapiturute. Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing lampiran.**(LB No 8, PUSUAS, kaca 137)**

Adhedhasar bagan 8 ing lampiran bisa dingerteni yen ubarampe perangane saka upacara adat minangka hipernime. Bajur perangane ubarampe yaiku alami, gawenan, baku, lan ora baku iku minangka hiponime saka perangane ubarampe. tetembungan iku mau hipernim marang perangane ubarampe. Dadi bisa dididut yen perangane ubarampe yaiku alami, gawenan, baku, ora baku. Sakabehe tetembungan iku mau minangka hiponim saka perangane ubarampe. Saka perangan alami lan gawenan iku isih diperang maneh padha karo cacahe ubarampe sing digunakake sajrone upacara adat sing minangka hipernime. Amrih luwih cetha lan gamblang anggone njlentrehake ing ngisor iki digaweke Tabel sajrone Upacara Adat Sembonyo.Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing lempiran. **(LDDT No 2, DDTCSUAS, kaca 137)**

Adhedhasar Tabel ing lampiran Tabel dhata, bisa diweruhi cacahe tata cara isih ditemoni 36 tetembungan kang diklompokake adhedhasar perangane upacara adat. Sajrone titi siyaga, titi laksana, lan titi wasana wis ana bageyane Tata carane lan wis ana keterangane sajrone tetembungane.Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing lampiran. **(LDDT No 3, DDPSUAS, kaca 140)**

Tabel ing lampiran nuduhake yen upacara adat sembonyo ana kang bisa dibedake panggonane ana 36 tetembungan, bisa padha lan bisa beda. Adhedhasar cacahe tandha (+) kang ana sajrone Tabel ing ndhuwur, bisa dingerteni yen saka 36 tetembungan kang bisa didelok. Dadi sing padha luwih akeh apa luwih sithik.

Saliyane kaya ing ndhuwur kang diklompokake adhedhasar panggonane, ing ngisor iki uga bakal diandharake Tabel adhedhsar pirantine kang diklompokake adhedhasar piranti lan jinise. **(LDDT No 4, DDAPUAS, kaca 141)**

Tabel ing lampiran nuduhake yen perangane upacara adat sembonyo penganggone diperang dadi lorosaiku saya mligi lan saya umum, amarga penganggone menunungsa sajrone nglasanake upacara adat sembonyo wis bisa owah saka asale. Adhedhasar cacahe tandha (+) kang ana sajrone Tabel ing ndhuwur, bisa dingerteni yen saka 36 tetembungan kang bisa didelok. Dadi sing padha luwih akeh apa luwih sithik. Bisa diweruhi kanggo ngoleki perangan saya mligi lan saya umum sajrone upacara adat sembonyo yen wis dukur drajad pepadhane kanthi gamblang.Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing lampiran.**(LDDT No 5, DDPJTUAS, kaca 142)**

Adhedhasar tabel ing lampiran bisa dingerteni jinise tembunge iku minangka tembung kriya apa tembung aran, adhedhasar tanda (+) kang ndudohake jinise tembung sajrone upacara adat sembonyo. Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing lampiran. **(LDDT No 6, DDAPUUAS, kaca 143)**

Tabeling lampiran iki kanggo meruhi ubarampene iku kalebu alami apa gawenan, ana 53 ubarampe kang dienggo sajrone tata upacara adat sembonyo. Saka 53 ubarampe iku gunane lan maknane beda-beda. Tanda (+) ndudohake ubarampene alami, gawenan, baku, apa ora baku.

#### 4.1.1.1 Sipat Sesambungan Paradhigmatik sajrone Tetembungan Ngenani Upacara Adat Sembonyo

Jinise sesambungan paradhigmatik sajrone tetembungan ngenani upacara adat sembonyo kaperang dadi loro, yaiku (1) sesambungan paradhigmatik kang asipat netep sajrone upacara adat sembonyo adhedhasar pamerange leksikon ing upacara adat sembonyo lan (2) sesambungan paradhigmatik kang asipat ora netep sajrone upacara adat sembonyo adhedhasar pamerange leksikon ing upacara adat sembonyo. Kekarone bakal diandharake luwih cetha kaya ing ngisor iki.

**4.1.1.1.1 Sesambungan Paradhigmatik kang Asipat NetepSajrone Upacara Adat Sembonyo Adhedhasar Pamerange Leksikon ing Upacara adat sembonyo.**

Sajrone bab II wis dijlentrehake ngenani sipat sesambungan paradhigmatik kang asipat netep lan ora netep. Sesambungan paradhigmatik kang asipat netep tegese ora bisa nyulihi tembung liyane utawa ora subtitutif, nanging bisa njangkepi siji lan sijine. Tembung kasebut mung ana ing bidhang perangane upacara adat sembonyo lan ora ditemokake ing bidhang perangan liyane, nanging wewatesan iku mung saperangan wae. Tuladhane tembung tumpeng kang ana ing bagan 1 tata carane. Tembung tumpeng nduweni sipat kang netep senajan ana kang padha nanging ana ing perangan kang beda, yaiku antarane upacara adat sembonyo kanthi piranti beras kanthi. Dadi senajan tembung iku padha nanging ana ing perangan kang beda tegese tembung kasebut sipate isih netep.

Sabanjure bakal diandharake ngenani tetembungan kang sipate netep adhedhasar perangane tetembungan ing upacara adat sembonyo.Luwih cethane bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

**Tabel9**
**Tetembungan Tata cara Upacara Adat Sembonyo Kanggo Nggoleki Sipat Netep Apa Ora Netep.**

| No | Tata cara | Perangan | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Titi siyaga | Titi laksana | Titi wasana |
| 1 | Midodareni | + | - | - |
| 2 | Tirakatan | + | - | - |
| 3 | Tata ubarambe | + | - | - |
| 4 | Bancakan | + | - | - |
| 5 | Petik segara | + | - | - |
| 6 | Petik tetanen | + | - | - |
| 7 | Olah pangan | + | - | - |
| 8 | Miranteni | + | - | - |
| 9 | Ngembar mayang | + | - | - |
| 10 | Suguhan | + | - | - |

Tabel ing ndhuwur nuduhake yen perangane upacara adat sembonyo Tata cara ana kang bisa dibedake panggonane ana 36 tetembungan, bisa padha lan bisa beda. Adhedhasar cacahe tandha (+) kang ana sajrone Tabel ing ndhuwur, bisa dingerteni yen saka 36 tetembungan kang bisa didelok. Dadi sing padha luwih akeh apa luwih sithik. Saliyane kaya ing ndhuwur kang diklompokake adhedhasar fitur,

**Tabel 10**
**Tetembungan Panggonane Nindake Upacara Adat Sembonyo Kanggo Nggoleki Sipat Netep lan Ora Netep.**

| No | Tetembungan | Panggonan | |
|---|---|---|---|
| | | Dharat | Segara |
| 1 | Midodareni | + | - |
| 2 | Tirakatan | + | - |
| 3 | Tata ubarampe | + | - |
| 4 | Bancakan | + | - |
| 5 | Petik segara | - | + |
| 6 | Petik tetanen | + | - |
| 7 | Olah pangan | + | - |
| 8 | Miranteni | + | - |
| 9 | Ngembar wayang | + | - |
| 10 | Suguhan | + | - |
| 11 | Maes boneka | + | - |
| 12 | Ngencek | - | + |
| 13 | Upet kendhi | + | - |
| 14 | Pahargyan | + | - |
| 15 | Tari-tarian | + | - |
| 16 | Srasrahan | + | - |
| 17 | Arak-arakan | + | - |
| 18 | Krab tumpeng agung | + | - |
| 19 | Kirab tumpeng alit | + | - |
| 20 | Mikul tumpeng | + | - |
| 21 | Mayungi boneka | + | - |
| 22 | Mikul kursi | + | - |
| 23 | Sesembahan | + | + |
| 24 | Maca mantra | + | + |
| 25 | Labuh tumpeng | - | + |
| 26 | Nyembonyo | - | + |
| 27 | Mbucal santang | - | + |
| 28 | Pethukan | + | + |
| 29 | Mbokor | + | - |
| 30 | Mbucal tumpeng agung | - | + |
| 31 | Mbucal tumpeng alit | - | + |
| 32 | Mahargya | + | + |
| 33 | Wayangan | + | - |
| 34 | Jaranan | + | - |
| 35 | Tayuban | + | - |
| 36 | Sigeg-sigeg | + | - |

**Tabel11**
**Tetembungan Penganggone Upacara Adat Sembonyo Kanggo Nggoleki Sipat Netep lan Ora Netep.**

| No | Tetembungan | Penganggone | |
|---|---|---|---|
| | | Saya mligi | Saya umum |
| 1 | Midodareni | + | - |
| 2 | Tirakatan | + | - |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 3 | Tata ubarampe | + | - |
| 4 | Bancakan | + | - |
| 5 | Petik segara | - | + |
| 6 | Petik tetanen | - | + |
| 7 | Olah pangan | - | + |
| 8 | Miranteni | + | - |
| 9 | Ngembar wayang | + | - |
| 10 | Suguhan | - | + |
| 11 | Maes boneka | + | - |
| 12 | Ngencek | - | + |
| 13 | Upet kendhi | + | - |
| 14 | Pahargyan | + | + |
| 15 | Tari-tarian | + | - |
| 16 | Srasrahan | + | - |
| 17 | Arak-arakan | + | - |
| 18 | Krab tumpeng agung | + | - |
| 19 | Kirab tumpeng alit | + | - |
| 20 | Mikul tumpeng | + | - |
| 21 | Mayungi boneka | + | - |
| 22 | Mikul kursi | + | - |
| 23 | Sesembahan | + | + |
| 24 | Maca mantra | + | + |
| 25 | Labuh tumpeng | + | - |
| 26 | Nyembonyo | + | + |
| 27 | Mbucal santang | - | + |
| 28 | Pethukan | + | + |
| 29 | Mbokor | + | - |
| 30 | Mbucal tumpeng agung | - | + |
| 31 | Mbucal tumpeng alit | - | + |
| 32 | Mahargya | + | + |
| 33 | Wayangan | + | - |
| 34 | Jaranan | + | - |
| 35 | Tayuban | + | - |
| 36 | Sigeg-sigeg | - | + |

**Tabel12**

**Tetembungan jinise tembung Upacara Adat Sembonyo Kanggo Nggoleki Sipat Netep lan Ora Netep.**

| No | Tetembungan | Jinise tembung | |
|---|---|---|---|
| | | Kriya | Aran |
| 1 | Midodareni | + | - |
| 2 | Tirakatan | + | - |
| 3 | Tata ubarampe | + | - |
| 4 | Bancakan | + | - |
| 5 | Petik segara | + | - |
| 6 | Petik tetanen | + | - |
| 7 | Olah pangan | + | - |
| 8 | Miranteni | + | - |
| 9 | Ngembar wayang | + | - |
| 10 | Suguhan | + | - |
| 11 | Maes boneka | + | - |
| 12 | Ngencek | + | - |
| 13 | Upet kendhi | + | - |
| 14 | Pahargyan | + | - |
| 15 | Tari-tarian | + | - |
| 16 | Srasrahan | + | - |
| 17 | Arak-arakan | + | - |
| 18 | Krab tumpeng agung | + | - |
| 19 | Kirab tumpeng alit | + | - |
| 20 | Mikul tumpeng | + | - |
| 21 | Mayungi boneka | + | - |
| 22 | Mikul kursi | + | - |
| 23 | Sesembahan | + | - |
| 24 | Maca mantra | + | - |
| 25 | Labuh tumpeng | + | - |
| 26 | Nyembonyo | + | - |
| 27 | Mbucal santang | + | - |
| 28 | Pethukan | - | + |
| 29 | Mbokor | + | - |
| 30 | Mbucal tumpeng agung | + | - |
| 31 | Mbucal tumpeng alit | + | - |
| 32 | Mahargya | + | - |
| 33 | Wayangan | + | - |
| 34 | Jaranan | + | - |
| 35 | Tayuban | + | - |
| 36 | Sigeg-sigeg | + | - |

**Tabel13**

**Tetembungan Ubarampe Upacara Adat Sembonyo Kanggo Nggoleki Sipat Netep lan Ora Netep.**

| NO | Ubarampe | Alami | Gawenan | Baku | Ora baku |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Jenang abang | - | + | + | - |
| 2 | Jenang ngapura | - | + | + | - |
| 3 | Jenang sengkala | - | + | + | - |
| 4 | Jenang mancawarna | - | + | + | - |
| 5 | Jenang sumsum | - | + | + | - |
| 6 | Jenang robyong | - | + | + | - |
| 7 | Jenang tulak | - | + | + | - |
| 8 | Jenang walang | - | + | + | - |

UNESA Universitas Negeri Surabaya

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 9 | Jenang blowok | - | + | + | - |
| 10 | Jenang katul | - | + | + | - |
| 11 | Mule | - | + | + | - |
| 12 | Metri | - | + | + | - |
| 13 | Ladha | - | + | + | - |
| 14 | Sega gurih | - | + | + | - |
| 15 | Horog-horog | - | + | + | - |
| 16 | Mlinjon | - | + | + | - |
| 17 | Bulus angkrem | - | + | + | - |
| 18 | Arang-arang ginang | - | + | + | - |
| 19 | Limaran | - | + | + | - |
| 20 | Panjianom | + | - | + | - |
| 21 | Buceng kuat | - | + | + | - |
| 22 | Sekul kulup | - | + | + | - |
| 23 | Buceng setunggal | - | + | + | - |
| 24 | Panggang buceng | - | + | + | - |
| 25 | Buceng sekembaran | - | + | + | - |
| 26 | Jongkong ripih | - | + | + | - |
| 27 | Iwel-iwel | - | + | + | - |
| 28 | Gula gimbal | - | + | + | - |
| 29 | Gula gringsing | - | + | + | - |
| 30 | Buceng emas | - | + | + | - |
| 31 | Buceng meteng | - | + | + | - |
| 32 | Buceng tulak | - | + | + | - |
| 33 | Buceng jebuk | - | + | + | - |
| 34 | Buceng robyong | - | + | + | - |
| 35 | Sate | - | + | + | - |
| 46 | Panggang anteb | - | + | + | - |
| 37 | Paes agung | - | + | + | - |
| 38 | Sesaji | - | + | + | - |
| 39 | Pisang setangkep | + | - | + | - |
| 40 | Klapa setunggal | + | - | + | - |
| 41 | Cok bakal | - | + | + | - |
| 42 | Kembar mayang | - | + | + | - |
| 43 | Janur | + | - | + | - |
| 44 | Debog | + | - | - | + |
| 45 | Andong ringin | + | - | + | - |
| 46 | Andong tulak | + | - | + | - |
| 47 | Ringin | + | - | + | - |
| 48 | Mayang | + | - | + | - |
| 49 | Dupan | - | + | + | - |
| 50 | Tikeh | - | + | + | - |
| 51 | Menyan | - | + | + | - |
| 52 | Minyak srimpi | - | + | + | - |
| 53 | Golekan temanten | - | + | + | - |

Tabel-Tabel ing ndhuwur ngandharake tetembungan ing upcara adat sembonyo kang asipat netep adhedhasar pamerange leksikon ing upacara adat sembonyo.Wiwit saka Tabel 1 nganti 5, nuduhake tetembungan paragane upacara adat sembonyo kang asipat netep cacahe ana pirang tembung.Banjur cacahe tetembungan pirantine upacara adat kang asipat netep ana pirang tembung.Kang pungkasan tetembungan sajrone ubarampe upacara adat kang asipat netep ana ing Tabel. Tembung-tembung kang wis disebutake ing saben-saben perangan iku mau bisa diweruhi drajad pepadhane. Carane ngitung drajad pepadhane tetembungan bakal diandharake luwih cetha ing ngisor iki.

**(1) Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Netep ing Tata Carane Upacara Adat Sembonyo**

Kaya kang wis dijlentrehake sadurunge, yen Tata carane minangka hipernim saka pamerange tetembungan upacara adat sembonyo. Tegese tata cara yaiku cara maragakake upacara adat sembonyo. Tetembungane tata cara ana kang asipat netep, tegese tetembungan ing perangane tata cara ora subtitutif utawa ora bisa nyulihi tembung liyane. Saliyane iku tetembungan kang asipat netep ing perangane paraga uga mung ana ing siji panggonan.

Cacahe tetembungan Tata carane upacara adat kang asipat netep.Tembung-tembung kasebut manggon ing upacara adat sembonyo. Saliyane iku, tembung-tembunge durung cetha drajad lan panggonane. Panggonan ing kene tegese yaiku perangan-perangan kang luwih cilik saka perangane tata cara utawa hipernim saka perangane tata cara. Perangan-perangane tata cara lan jinise

tata cara, bisa dadi dhasar kanggo nemtokake drajade. Luwih cethane bisa dijingglengi ing tabel ngisor iki.

**Tabel 14**
**Drajad Pepadhane Tetembungan Tata Carane Upacara Adat Sembonyo kang Asipat Netep**

| No | Tata cara | Perangan | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | A | B | C | Dp |
| 1 | Midodareni | + | - | - | 66% |
| 2 | Tirakatan | + | - | - | 66% |
| 3 | Tata ubarambe | + | - | - | 66% |
| 4 | Bancakan | + | - | - | 66% |
| 5 | Petik segara | + | - | - | 66% |
| 6 | Petik tetanen | + | - | - | 66% |
| 7 | Olah pangan | + | - | - | 66% |
| 8 | Miranteni | + | - | - | 66% |
| 9 | Ngembar mayang | + | - | - | 66% |
| 10 | Suguhan | + | - | - | 66% |
| 11 | Maes boneka | + | - | - | 66% |
| 12 | Ngencek | + | - | - | 66% |
| 13 | Upet kendhi | - | + | - | 66% |
| 14 | Pahargyan | - | + | + | 33% |
| 15 | Tari-tarian | - | + | - | 66% |
| 16 | Srasrahan | - | + | - | 66% |
| 17 | Arak-arakan | - | + | - | 66% |
| 18 | Kirab tumpeng agung | - | + | - | 66% |
| 19 | Kirab tumpeng alit | - | + | - | 66% |
| 20 | Pikulan tumpeng | - | + | - | 66% |
| 21 | Mayungi boneka | - | + | - | 66% |
| 22 | Mikul kursi | - | + | - | 66% |
| 23 | Sesembahan | - | + | - | 66% |
| 24 | Maca mantra | - | + | - | 66% |
| 25 | Labuh tumpeng | - | + | - | 66% |
| 26 | Nyembonyo | - | + | - | 66% |
| 27 | Mbucal santang | - | + | - | 66% |
| 28 | Pethukan | - | + | - | 66% |
| 29 | Mbokor | - | + | - | 66% |
| 30 | Mbucal tumpeng agung | - | + | - | 66% |
| 31 | Mbucal tumpeng alit | - | + | - | 66% |
| 32 | Pahargyan | - | + | + | 33% |
| 33 | Wayangan | - | - | + | 66% |
| 34 | Jaranan | - | - | + | 66% |
| 35 | Tayuban | - | - | + | 66% |
| 36 | Sigeg-sigeg | - | - | + | 66% |

**Katrangan:**

A = Titi siyaga C = Titi wasana
B = Titi laksana Dp = Drajad pepadhane

Tansaya akeh prosen ukurane drajat pepadhane, tansaya mligi ukurane tetembungan ing bidhang upacara adat.Yen saya sithik prosen ukurane drajat pepadhane saya umum tetembungane. Ukurane drajat pepadhane diukur kanthi cara, tetembungan kang ora padha ing bidhang-bidhang tata upacara, dipara jumlahe bidhang tata upacara, banjur dipingke satus mengko aslile saya sithik prosenane utawa saya akeh prosenane.

Adhedhasar tabel ing nduwur bisa dingerteni drajad pepadhane tetembungan kang asipat netep ing perangane Tata cara iku rata-rata kabeh padha, yaiku 66%. Saka 36 tetembungan mung rong leksikon sing 33%. Drajad pepadhan kasebut bisa diweruhi kanthi cara ngetung prosentasene tandha (-). Banjur saka drajad pepadhane bisa diterangake yen ana telung fitur dhistingtif.Fitur dhistingtif ing kene minangka tandha kanggo mbedakake satuwan-satuwane basa. Kaya kang wis diandharake sajrone katrangan ing ndhuwur, kang dadi fitur dhistingtif yaiku arane perangan upacara adat sembonyo saka tembung-tembung kang ana sajrone tabel.

Saben-saben tetembungan iku mau mung ana ing sawijine perangane tata cara upacara adat sembonyo. Mula saka iku tetembungan kasebut sipate netep utawa ora dhistribusi, jalaran ora bisa nggantèni tembung liyane. Komponen drajad pepadhane tetembungan sajrone upacara adat sembonyo kang asipat netep kanthi drajad 66%, yaiku:

| No | Tetembungan | Tegese |
|---|---|---|
| 1 | Midodareni | Midodaren ing kene ora kaya persis midodaren ing mantenane menungsa, prosesine iki meh mirip kaya midodaren manten manungsa mung wae ing kene boneka kang disimbolke diwidodareke. |
| 2 | Tirakatan | Ngurangi kekarepan hawa napsu kang linuwihan kanthi nglakoni eklas nyirik napsu ala nglakoni napsu becik. |
| 3 | Tata ubarambe | Nyiapake ubarampe kanggo upacara adat sembonyo. |
| 4 | Bancakan | Padha karo slametan bedane ing ubarampe kanggo sesajine |
| 5 | Petik segara | Panen asil saka bumi segara kayata iwak lan sapanunggale. |
| 6 | Petik tetanen | Panen Kasil Olah Tetanen kayata pari, pohong, sayur lan sapanunggale. |

UNESA Universitas Negeri Surabaya

| | | |
|---|---|---|
| 7 | Olah pangan | Asil bumi dimasak kanggo adicara Upacara. |
| 8 | Miranteni | Nata-nata nyiapake piranti kanggo upacara adat. |
| 9 | Ngembar mayang | nggawe kembar mayang sing asale saka janur lan debog dibentuk diwenehi *kembangpanca warna lan diweni cengkir gading* kanggo upacara panggih boneka lanang lan wadon. |
| 10 | Suguhan | Arupa panganan kang kena disuguhake kanggo menungsa ora kanggo suguhan bangsa lelembut. |
| 11 | Maes boneka | Macaki boneka loro kayadene pasangan manten iki simbol kanjeng yudanegara lan estrine. |
| 12 | Ngencek | Kagiyatan nata sesajen kang wis temata ing gethek dianggo kanggo sajen kang arep dilarung. |
| 13 | Upet kendhi | Paraga siyaga karo nyekel kendhi. |
| 14 | Tari-tarian | Jejogetan kanggo nyambut tamu. |
| 15 | Srasrahan | Masrahake boneka temanten. |
| 16 | Arak-arakan | Para warga masyarakat kang nindakake Upacara Tradhisi mlaku kayadene karnafal saka papan panggonan kawiwitan menyang papan kang dituju. |
| 17 | Kirab tumpeng agung | Ngarak nggawa tumpeng agung |
| 18 | Kirab tumpeng alit | Ngarak nggawa tumpeng alit |
| 19 | Pikulan tumpeng | Mikul tumpeng awit saka sing cilik, sedheng, lan ageng diarak. |
| 20 | Mayungi boneka | Boneka lanang lan wadon dipayungi. |
| 21 | Mikul kursi | kursi agung paninggalan Yudhanegoro dipikil diarak. |
| 22 | Sesembahan | Paring sesembahan marang kang Mbaureksa segara sadurunge nglarung sesajene. |
| 23 | Maca mantra | Maca donga minangka tandha menungsa tansah eling marang Gusti kang maha Pirsa. |
| 24 | Labuh tumpeng | Tumpeng ditumpake ing gethek lan dilabuh ing segara |
| 25 | Nyembonyo | Kegiyatan utama sajrone upacara, nglarung ing segara piranti ing segara piranti kang arep dilarung arupa boneka kang wus dipaes, tumpeng kembar mayang, mbucal santang, lan sapanunggalane. |
| 26 | Mbucal santang | Prau gethek kang dibentuk kanggo prau tumpakane boneka kang wis dipaes lan diwenehi ubarampe antarane kembar mayang lan sapanunggalane. |
| 27 | Pethukan | Methuke temanten boneka lanang lanwadon. |
| 28 | Mbokor | Nindakake utawa nata papan kang arep digawe wadhah ing pinggir segara kang arep digawe nglarung. |
| 29 | Mbucal tumpeng agung | Nglarung tumpeng agung ing segara. |
| 30 | Mbucal tumpeng alit | Nglarung tumpeng alit ing segara. |
| 31 | Wayangan | Salah sawijine kasenian campuran saka seni musik, seni tari, seni drama, seni rupa kang diwujudake mligi ing boneka kulit. Kang ditontonke kanthi nganggo tuntunan adhedhasar carita ramayana utawa mahabarata, |
| 32 | Jaranan | Salah sawijine kasenian joget kang ngganggo atraksi kanthi cara kesurupan. |
| 33 | Tayuban | Salah sawijine kasenian joget kang diringi gamelan, ana apanjak, sindhen, tledhek, pramugara, lan wong lanang sing arep njoget karo tledhek. |
| 34 | Sigeg-sigeg | Ngresiki tata nglungkuni barang-barang kang wis dienggo upacara adat sembonyo. |

UNESA Universitas Negeri Surabaya

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa dingerteni yen tetembungan kang nduweni pepadhan adhedhasar tata carane upacara adat yaiku pahargya.Saliyane iku saka 36 tetembungan ora nduweni pepadhan adhedhasar Tata carane. Bisa didudut yen tetembungan kejaba pahargyan iku mau nduweni dhasar pepadhan kang trep lan sipate netep utawa ora dhistributif.

**PANUTUP**

Ing bab V iki kaperang dadi loro, yaiku dudutan lan pamrayoga. Andharane kekarone kaya ing ngisor iki.

**5.1 Dudutan**

Leksikon utawa tetembungan ing upacara adat sembonyo yaiku tembung-tembung kang ana lan digunakake sajrone upacara adat sembonyo. Tembung-tembung kasebut bisa diweruhi adhedhasar 5 perangan leksikon ing upacara adat sembonyo. Perangan kasebut yaiku tata cara, panggonan, penganggone, jinise tembung, lan ubarampe. Jinise sesambungan paradhigmatike leksikon ing upacara adat sembonyoyaiku hipernim lan hiponim. Adhedhasar hipernim lan hiponim, banjur bisa dingerteni anane sipat kang netep lan ora netep. Saliyane iku, jinise sesambungan sintagmatike leksikon ing upacara adat sembonyouga ana 2, yaiku enkapsulasi lan dhistribusi. Enkapsulasi nuduhake sipate sesambungan sintagmatik kang enkapsulatif, dene dhistribusi nuduhake sipate sesambungan sintagmatik kang dhistributif.

Upacara adat sembonyoing Desa taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggaelek kaperang dadi 5 yaiku.tata cara, panggonan, penganggone, jinise tembung, lan ubarampe. Leksikone upacara adat sembonyokang asipat netep sajrone sesambungan paradhigmatik lan asipat enkapsulatif sajrone sesambungan sintagmatik ana 80 tembung. Rinciane yaiku saka perangan tata cara34 tembung ditambah perangan panggonan, penganggone, lan jinise tembung ana 32 ananing tetembungan sajrone upacara adat sembonyo. Banjur perangane ubarampe ana 48 tetembungan. Tembung-tembung ing upacara adat iku kasebar ing perangan upacara adat.

Tetembungan ing upacara adat sembonyokang asipat ora netep sajrone sesambungan paradhigmatik lan asipat dhistributif sajrone sesambungan sintagmatik cacahe ana 9 tetembungan. Tembung-tembung kasebut dhasare saka perangan tata cara2 tetembungan 4tetembungan saka perangan panggonan, penganggone, lan jinise tembung, lan 5 tetembungan saka perangane ubarampe. Tetembungan ing upacara adat sembonyokang asipat netep lan dhistributif kasebut kasebar ana ing sakabehe perangan pamerange leksikon ing upacara adat sembonyo. Rinciane yaiku, saka perangan tata cara, panggonan, penganggone, lan jinise tembung ana 36, Dene rinciane ubarampe yaiku ana 53 tetembungan.

**5.2 Pamrayoga**

Asile panliten ngenani sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon ing upacara adat sembonyoing Desa taksikmadu Kecamatan Watulimo Kabupaten Trenggaelek iki isih akeh lupute. Mula panliti ngarepake ana panyaru kang sipate mangun supaya panliten sabanjure bisa luwih apik. Saliyane iku, panliten ngenani sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike leksikon ing upacara adat sembonyoisih akeh kang durung ditliti kanthi cetha. Mula diajab ana panliten kang luwih cetha supaya panliten ngenani leksikon ing upacara adat sembonyomligine sesambungan paradhigmatik lan sintagmatike bisa luwih ngrembaka.

**KAPUSTAKAN**


Abdul Chaer. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta : PT. Rineka Cipta

Aminuddin. 2011. *Semantik: pengantar studi makna,* Bandung: penerbit C.V. Sinar Baru Algensindo.

Chamidah, Nurul. *Set lan kolokasi ngenani cacade awak.* Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.

Djajasudarma, Fatimah, 1999. *Semantik 2 Makna Leksikal dan Gramatikal.* Bandung: PT. Refika Aditama

Djajasudarma, Fatimah, 2007. *Semantik I Makna Leksikal dan Gramatikal.* Bandung: PT. Refika Aditamas

Djajasudarma, Fatimah, 2009. *Semantik I Makna Leksikal dan Gramatikal.* Bandung: PT. Refika Aditamas

Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama.* Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi.

Kridalaksana, Harimurti, 2008. *Kamus linguistik.* Jakarta: Gramedia Pustaka utama.

Lyons, John. 1977, *Semantics*, *Volume 1,* Cambridge London New York, Rochelle Melbourne Sydney: Cambridge University Press.

Mahsun. 2014 *metode penelitian bahasa: Tahapan, Strategi, Metode, dan Tekniknya,* Jakarta: PT, Rajagrafindo Persada.

Oka I. G. N. dan Supamo. 1994. *Linguistik Umum.* Direktorat Jendral PendidikanTinggi Dewan Pendidikan dan Kebudayaan

Parera, Jos Daniel. 1988. *Sintaksis*. Edisi kedua. Jakarta: PT. Gelora Aksara Pratama

Pateda, Mansyur, 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT. Asdi Mahastya

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Bauesastra Djawa*

Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2008. *Paramasatra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua

Saussure, Ferdinan de. 1996. *Pengantar linguistik umum.* Yogyakarta: Gajah Mada university Press.

Sudaryanto lan Pranowo (Ed), 2001. *Kamus Pepak basa jawa.* Yogyakarta: Badan Pekerja kongres Bahasa Jawa.

Sudaryanto, 1993. *Metode dan Teknik Analisis Bahasa: pengantar penelitianwahana kabudayan secara linguistis.* Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sutarto, Ayu, 2011. *Menggelar Mantra Menolak Bencana.* Surabaya: Pemerintahan Provinsi Jawa Timur Dewan Kesenian Jawa Timur Kompyawisda Jatim

Ullman, Stephen. 2009. *Pengantar semantik* (dhiadhopsi dening Sumarsono) Yogyakarta, Pustaka pelajar.

Utami, Farida Tri. 2013. *Set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten. Skripsi ora diterbitke. Surabaya.* JPBSD FBS Unesa

UNESA
Universitas Negeri Surabaya